
ISSN 0207-6551
12
2018
6+


Щ|ымахуэр къэсащ
Мыджэгужу шурылъэс
Ц|ык|ураш шы жэр мэшэс.
Шууэ лъохъуэ Дыгъэпс къалэм,
Пшэм пхолъэтыр, ещхьу къуалэм.
Аурэ, лъатэурэ, ешащ.
Щ|ы|эм исри... къэушащ.


Къеб-къеблагъэ, Дахэнур,
Зи ц|эр дахэу зи гур нур!
Пшэм сэ шууэ сыш-шэсащ.
Щ|ы|эр къэс-сри, сыкъис-сащ.
Пшэм ушэсри хьэлъэ пщ|ащ,
Пшэ щабэшхуэр уэ пкъузащ.
Мес, уэс хужьыр къебгъэсащ,
Ди щ|ымахуэр къэбгъэсащ.


Ди щ|ымахуэр  къэсыжащ,
Си уэс хужьыр къесыжащ!
Иджы щ|ы|эм симысыну.
Сэ сыхуейщ а уэсыр стхъуну.



Iэжьэ жьыхухэр я Iэдэжу,
Зэм зрачрэ къызэдэжэу,
Iуащхьэ папцIэмкIэ ежьащ,
Я тхъэжыгъуэр къапежащ.

ЦIыкIурашрэ Дахэнуррэ
Дуней хужьым ходжэгухь:
Бжьэхуц Iэтэ драпхъейуэ
Уэсмыч щабэм зыхакухь.

ЩIыIэ Дадэм и жьакIэхур
Iэжьэ жьыхукIэ къражьых,
Уае нэхум хуэнэхъуейуэ
Iэгъуэблагъэр зэхажыхь.

Дахэнурхэ еблэгъэжри,
Нанэ IэфIу къигъэшхащ,
Лэкъум хуабэу игъэжьари
Яшхым-яшхыурэ... тхъэжащ.





Дахэнур и дадэ МатIэ
Еджагъэшхуэщ, псысэусщ:
- «Фыхъунщ, феджэм, насыпнатIэ», -
ЖеIэ дадэ, ар цIыху Iущщ.

Ди цIыкIуитIыр дадэ Iущым
И пэш хуабэм иджы щIэсщ.
Зэдежьууэ, зэм зэдауэу
Къуажэхь къащIэу, кIийуэ щысщ.

Арщхьэ дадэ и чэнджэщхэм
ЕшаитIыр хозэрыхь.
ЦIыкIухэ, фэ фадэIэпыкъутэм,
Дыфхуэхъунти щхьэузыхь!



# Дадэ и чэнджэщхэр

- Мы псалъэхэр чэнджэщхэм хуэкIуэу хэгъэувэжын хуейщ:

Шы, джэду, хьэпIацIэ, бадзапцIэ, щIыIубнэф, щIы, бзу, джэд, щхъуантIагъэ зыхэлъ, псы, уэгу, псалъэ куэд.

............ псым щыхэфым и деж уэри щефэ,гъуэгу утету псы ухуэлIарэ узэфэн уимыIэжмэ.

............ щыгъуэлъым и деж пIэ щыщI.

............ куэдрэ уесмэ, щIыми «пкIатэлъатэу» къыщыпкIухьынщ.

............ зэпщIэ Iэгъэбэгур къыпыч.

............ щIыр къыщитI щIыпIэм жыг щыхэсэ.

............ къыщыплъ щIыпIэм и деж унэ щыщI.

............ абгъуэ щащI щIыпIэм псыкъуий къыщытI.

............ ядэтэдж, ядэгъуэлъ, махуэм и дыщэ жылэр уи Iэмыщ1э илъынщ.

............ нэхъыбэу шхы, уи лъэр быдэ ищIынщ , уи гур ипсыхьынщ.

............ зэIуса пхъэщхьэмыщхьэр шхы.

............ удэплъеиреймэ уи гупсысэхэри нэхъ жьыху хъунщ.

............ жумыIэу нэхъыбэрэ удаIуэмэ, гупсэхугъуи бгъуэтынщ, уи акъылри нэхъ тIысынщ.



Зыгъэхьэзырар
**ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ**

Чэнджэщ Iущхэм фелэжьыхукIэ
Дахэнур тIэкIу щхьэукъуащ
«Щхъуэжь и тхылъым» апщIондэхукIэ
ЦIыкIураш еплъащ, еджащ.
Дыхьэшхыным игъэмэхыу
«Уэт те рас!» – къыхокIыникI,
Дахэнури къэушауэ
«Сыт къэхъуар?!», – жи, къыхоскIыкI.
ЦIыкIурашым и пщэр хишу
Тхылъым къоджэ, – хъуащ артист.
Дади нани къыщIыхьауэ
ЯгъэщIагъуэ: «Уэт артист!»




Къагъырмэс Борис

# IЭМАЛ

Мурат етIуанэ классщ. Есэпымкlэ къръата унэ лэжьыгъэр ещI. И пащхьэ илъ тхылъымпIэр апхуэдизкIэ зэхэтхыхьащи, бжыгъэхэм зауэшхуэ щрагъэкIуэкIа фIэкI пщIэнкъым. Езы Мурати, дзэпщым ещхьу, мэгупсысэ, и натIэм пщIэнтIэпсыр къыпхихуауэ. Зэхелъхьэ, зэхехыж, зэм «Ура!» – жиIэу къыщолъэтри мэтIысыж.

Зыгуэрым йоныкъуэкъу, и щхьэм щIотIахъуэ. Сытми, Мурат къэрэндащрэ тхылъымпIэ напэрэ къещтэри гуфIэу унэм къыщIож. Я гъунэгъу Лэуэс джэдыкIэ ищэрейщи, абыхэм я деж кIуауэ йоупщI:

– Нанэ, джэдыкIэ щэн фиIэ? Мамэ сыкъигъэкIуащ, къэщэху, жиIэри.

– Айэ сиIэ, Мурат цIыкIу. ЖыIэ, дапщэ узыхуейр?

ТхылъымпIэ напэм йоплъри:

– Джэд джэдыкIэу 20, бабыщ джэдыкIэу 15, къаз джэдыкIэу 18.

Лэуэс джэдыкIэхэр къыхибжыкIыурэ лъэныкъуэкIэ егъэтIылъ.

– Псори къыхэпха? – йоупщI абы Мурат. – Иджы бжыт, дапщэ хъурэ?

– 53-рэ, си щIалэ.

– Иджы абы къыхэхыжыт къаз джэдыкIэ 18-р.

– Сыт щхьэкIэ-на? – жеIэ фызыжьым, мыарэзыуэ.

– Къаз джэдыкIэ дыхуейкъым, сыщыуэри бжесIащ.

Лэуэс къаз джэдыкIэхэр къыхехыж.

– Иджы дапщэ къэнэжар, нанэ? Зэ бжыжыт ущымыуэн щхьэкIэ.

– 35-рэ. Мис, уи фIэщ мыхъумэ, уэри бжы.

Мурат, тхылъымпIэ напэм зыгуэр иретхэри, жеIэ:

– Нанэ, джэдыкIэхэр зэкIэ схьынкъым, ахъшэр къысщыгъупщаци, иужькIэ сыкъэкIуэнщ.

Мурат уэрамым къыдолъэдэж, гуфIэу:

– Ура, си унэ лэжьыгъэр зы къэмынэу сщIыжащ!



Уэщхьу бзаджи а Муратыр,
ЦIыкIурашу зэраншу.
Уэ ди нанэ ар епщIатэм,
ЗэфIэстхъынт есэп мышур.

Дади нани мэдыхьэшхыр,
ЦIыкIурашым IупщIэ ещI.
Дахэнури и пщэр хешыр,
Тхылъым къеджэу и щхьэр дещI: –

*ИлъэсыщIэ,*
*ИлъэсыщIэ!*
*ИлъэсыщIэу хьэщIэ лъапIэ,*
*IуэхуфI куэдым я щIэдзапIэ,*
*Илъэс псокIэ дыппэплъауэ,*
*Укъэсащ уи нэкIур плъауэ.*
*ЦIыкIуи ини пщогуфIыкI,*
*Дэри, мисыр, доувыкI,*
*Псей щIэращIэр къыдофыхь,*
*Ар тхуэпащ дэ дыгъуэпшыхь.*
*Хьэпшып Iэджэ кIэрытщIащ,*
*Дахэ дыдэ ар дэ тщIащ.*
*Дэ Уэс дадэр къытхыхьауэ*
*Къытхуегуэш кIэнфет, къихьауэ.*
*ДощI итIанэ дэ джэгушхуэ,*
*Къофэ псори гуфIэу, гушхуэу.*
*Махуэ къэскIэ ИлъэсыщIэр*
*КъыщIимыхьэр къысхуэмыщIэ!*






Псалъ. ГЪУЭЗДЖЭШ Хъызыр,
Макъ. СИДАКЪ СулътIан яйщ.




ЦIыкIурашрэ Дахэнуррэ ягу къокIыж сабий садым щызэрагъэщIа уэрэдыр. ЗэдыжаIэ.

# ЩIЫIЭ ДАДЭ

ЩIыIэ Дадэ, ЩIыIэ Дадэ,
Дадэу щыIэм я тхьэмадэ,
ПащIэ хужьу жьакIэ уэс,
УкъытхуокIуэ уэ гъэ къэс.
УкъэкIуэхукIи дыпхуоусэр,
Уэри, мис, укъытхуоупсэр:
ИлъэсыщIэм унэ къэс
Уэ насыпыр лъыбогъэс.

БерычэткIэ гъэр бгъэбжьыфIэу,
ЦIыкIухэр псори дыбгъэгуфIэу
ХъугъуэфIыгъуэр къытхубохь,
Уи къэкIуэкIэр дигу ирохь.
Ноби, Дадэ, зумыIэжьэ,
Уэс къесами уиIэщ Iэжьэ,
Iэжьэм уису псынщIэу къэс,
ИлъэсыщIэм уэ къытхэс.

Итщ утыкум псей щхъуантIэшхуэр,
ИгъэбжьыфIэу ди пщIантIэшхуэр.
ЩхъуэкIэплъыкIэхэр пыблащ,
Нэм щIэлыдэу зэщIэблащ.

Мусэ цIыкIу ди ажэгъафэу
Iэгу дыхуеуэурэ къэдгъафэу
Дыуэршэру дызэхэтщ,
Уэс бырыбым дэ дыхэтщ.
Мо Iущабэу ди Уэсгуащэм,
НэфIэгуфIэу а дахащэм
Угъурлыгъэр щIэтщ и нэгу,
Жьыми щIэми къыддоджэгу.
ЩIыIэ Дадэ, ЩIыIэ Дадэ,
Дадэу щыIэм я тхьэмадэ,
ПащIэ хужьу жьакIэ уэс,
ИлъэсыщIэм укъытхэсщ.


Илъэсыщlэ, илъэсыщlэ,
Сыту фlыуэ укъэса!
Сыту кууэ, илъэсыщlэ,
Уэсыр уэ къытхуебгъэса!

Цlыкlурашу Цlыкlурашэ,
Уэрэ сэрэ дытхъэжащ.
Щlылэ дадэ и уэс жьакlэм
Дэ дытесу дрижащ.


Иджы Нурэу, Дахэнурэ,
Ёлкэ дахэ къыхэдгъэх
Зы псей жыги идмыупщIэу
«Нур» журналым ар къидгъэх.
ЦIыкIурашу – зэраншу,
Зэраншуэ – Iэмалшу,
Къыхэгъэжи идгъэгъапщIэ,
Дыгъэлажьэ, дыгъэлъащэ.
Илъэсыщlэр къэсыпащ,
Ди псей цIыкIури хуэпащ.
Дыгъэщыгъэм я сурэтхэр
ЗыфIэлъ пэшым ублэкIынщ,
«Нур» журнал си стIолым телъыр
Къэхьи, псейр къыхэдгъэжынщ.

# Дыгъэщыгъэ





**Къуэжей Данэ**
илъэсиплI, Налшык къ.



**Шакъ Аслъэн**
МОУ СОШ № 2,
илъэсибгъу, Къэхъун къу.



***Бэгъуэтхэ Алихъанрэ, Райхъанэрэ***
СОШ № 1, Шэджэм I къ.



***Емкъуж Лилианэ***
*сабий сад «Улыбка»,*
илъэсиплI, Налшык къ.



***Хьэмгъуэкъу Дамир***
*сабий сад № 2 «Золушка»*
Нарткъалэ



**Щомахуэ Алим**
СОШ № 2, 2 «б» кл.,
Зэикъуэ къу.



**КIэрэф Айлэ**
*гимназие № 14, 3 «в» кл.,*
Налшык къ.



Псей щIэращIэр
«Нур» журналым
ЦIыкIурашым къыхегъэж,
Дахэнурым а дахащэр
НэгъуэщI напэм
дегъэпщIэж.




Дахэнурре ЦIыкIурашрэ я хъыбарыр зэхэзылъхьар ***АБРОКЪУЭ Беллэщ***

# IэпэIэсэ



# 2019-Нур

### Гъэмахуэм къыумылэжьа щIымахуэм бгъуэтыжынкъым

**ЩIышылэ**

| Бл | Гъу | Бр | Мхъу | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | 31 | | | |

**Мазае**

| Бл | Гъу | Бр | Мхъу | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | | | |

**Гъатхэпэ**

| Бл | Гъу | Бр | Мхъу | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 |

### Гъатхэм щIым ептыр щэуэ къыуетыж

**Мэлыжьыхь**

| Бл | Гъу | Бр | Мхъу | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | | | | | |

**Накъыгъэ**

| Бл | Гъу | Бр | Мхъу | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | | |

**Мэкъуауэгъуэ**

| Бл | Гъу | Бр | Мхъу | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |

### Щынащхьэ плъагъумэ – гъэмахуэщ

**Бадзэуэгъуэ**

| Бл | Гъу | Бр | Мхъу | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | 31 | | | | |

**ШыщхьэуIу**

| Бл | Гъу | Бр | Мхъу | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | |

**ФокIадэ**

| Бл | Гъу | Бр | Мхъу | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | | | | | | |

### Бжьыхьэ – бейщ

**Жэпуэгъуэ**

| Бл | Гъу | Бр | Мхъу | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | 31 | | | |

**ЩакIуэгъуэ**

| Бл | Гъу | Бр | Мхъу | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | |

**Дыгъэгъазэ**

| Бл | Гъу | Бр | Мхъу | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | 31 | | | | | |

## Хьэ сурэтхэмрэ ятеухуа тхыгъэхэмрэ зэхуэвгъакIуэ




**Мэлыхъуэхьэ (кавказский волкодав)** Ар адыгэм къигъэхъуа лIэужьыгъуэ нэхъ цIэрыIуэщ ноби. Мэлыхъуэхьэр пIащэу щытын хуейкъым, ику иту килограмм 50-60 хъууэ аращ. Нэхъ ин хъумэ и хьэлъагъыр къыхуехьэкIыжынукъым, мэл хъушэм е шы гуартэм дыгъужь къатеуэми, пэмылъэщынкIэ хъунущ. Мэлыхъуэхьэм и кIапэмрэ и тхьэкIумэхэмрэ пыупщIащ, дыгъужьым щезауэкIэ тхьэкIумэр къыIэрымыхьэн папщIэ. КIапэр щIыпаупщIми щхьэусыгъуэ иIэщ – хьэр щхьэукъуэрэ и кIапэмкIэ и пэр щIихъумэжмэ, дыгъужьым и мэр къыщIихьэнукъым. Аращи, хьэ плъырым и кIэр паупщIри чэтым ихъуреягъкIэ кърапхэкI.



**Хьэпщlэу (гончая охотничья ищейка)** – ину банэ хьэ лъэпкъ цIыкIу. ЩакIуэхэм кхъуэ пIащэ е бжьо уIэгъэ ящIрэ яIэщIэкIамэ, хьэпщIэур абы кIэлъыжэурэ, ину мэбанэ. Абы и банэм щакIуэхэр кIэлъыкIуэурэ, я нышыр къагъуэтыж.





**Хьэджафэ (борзая)** – щакIуэхэм нэхъ къыздрашэкI. Бажэ, тхьэкIумэкIыхь кърагъэубыд. И пэр кIыхьу, и лъакъуэхэр псыгъуэу хьэ лъагэщ.



**Хьэ тумэ (метис, помесь между волкодавом и дворнягой)** – мэлыхъуэхьэмрэ унэхьэмрэ я кум къыдэкӏащ. Хьэ тумэр хахуэу, губзыгъэу, тӏэкӏуи бзаджэу щытын щхьэкӏэ лӏакъуитхум (пять поколений) зэ дыгъужьылъ къыхагъахъуэ. Ар пӏащэщ, инщ.

**Хьэпарий (кавказская овчарка)** – килограмми 100-м нэс зи хьэлъагъ хьэ пӏащэщ, хьэлъэщ. И тхьэкӏумэхэр паупщӏ, ауэ и кӏапэм еӏусэкъым. Хьэпарийр ягъэзауэ, мыщэм пэщӏэувэ хъуми зеӏэтыр, и фӏалъэ лъакъуитӏымрэ и кӏапэмрэ къигъэсэбэпыурэ, мэзауэ. Ар ирапхкъым, атӏэ щӏыпӏэ хэхам щӏэубыдауэ, хуиту ягъасэ.





**Хьэмаскӏэ (моська, собака мелкой породы)** – щакӏуэхьэ цӏыкӏущ, гъуэм ирагъапщхьэ. Уашхэм е бажэм и пэнцӏывым йопхъуэ, мыдэкӏэ щыт щакӏуэхэм хьэмаскӏэр и кӏэбдз лъакъуитӏымкӏэ къралъэфыж, къиубыдар иӏыгъыу.

- Хэту пӏэрэт гъэр зеяр?
Хэту пӏэрэ ӏузыхар?
Хэт нэхъ хьэлъэ? Я нэхъ лъэщ?
Хэт нэхъ бзаджэ? Нэхъ ерыщ?
Хьэуэ диӏэр зэвгъэцӏыху,
Нэхъ цӏэрыӏуэри къэфцӏыху.



Зыгъэхьэзырар КЪАНЫКЪУЭ Анфисэщ





*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ*
**«НУР»**

Издается
С 1 января 1982 года
№ 12 2018 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редатор
***П. ХАТУЕВ***

Редакционный совет:
***Х. КАРМОКОВ***
***А. КАРМОВА***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Корректор
***А. КАРМОВА***

Набор и вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати
04.12. 2018 г.
Выход в свет 28.12. 2018 г.
Формат 60х90 $^1/_8$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ. л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2005 экз.
Заказ № 233
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,87 руб.; за 6 мес.– 83,22 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в типографии ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.